O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’

TARIYX FAKULTETI

«MILLIY IDEYA, RUWXI’YLI’Q TIYKARLARI’ HA’M HUQI’Q TA’LIMI» KAFEDRASI

*«Filosofiyanın’ ulıwma teoriyalıq ma’seleleri»* pa’ninen

# KURS JUMI'SI'

**Tema:** «G’alaba ma’deniyat»tın’ filosofiyalıq mazmunı

Qabıllag’an: Tanimov Sh.

Orınlag’an: Bekmuratov B.

**No’kis – 2015**

**JOBASI':**

**Kirisiw..........................................................................................3**

**1-Bap. Globallasıw da'wirindegi ma'deniyattın' rawajlanıwı..........................................................................................5**

1.1. Ma'deniyattı filosofiyalıq analizlewdin' tiykarları....................5

1.2. Ma'deniyattın' tu'rleri ha'm ayırmashılıqları...........................8

**2-Bap. «G'alaba ma'deniyat» ha'm onın' ha'zirgi da'wirdegi ko'rinisleri..........................................................................................12**

2.1. «G'alaba ma'deniyat»tın' bag'darları.....................................12

2.2. «G'alaba ma'deniyat» tın' jaslarg'a ta'siri.............................20

**Juwmaqlaw.....................................................................................23**

**Paydalanılg'an a'debiyatlar dizimi...........................................25**

# KIRISIW

**Kurs jumısı temasının` aktuallıg`ı.** Prezidentimiz İslam Karimovtın' «Joqarı manawiyat jen'ilmes ku'sh» atlı miynetinde «G'alaba ma`deniyat degen nıqap astında biya`dep buzıqlıq ha`m zorlıq, individualizm, egotsentrizm ideyaların tarqatıw, kerek bolsa, sonın` esabınan baylıq arttırıw, basqa xalıqlardın` neshe mın` jıllıq da`stu`r ha`m qa`diriyatları, turmıs ta`rzinin` ruwhıy tiykarların pisent etpew, olardı buzıwg`a qaratılg`an qa`terli topılıslar adamdı ta`shwishke salmay qoymaydı»[1], degen pikirleri bu`gingi ku`ndegi en` aktual qa`wiplerdin` birine bergen ta`riypi edi.

«Galaba ma'deniyat»tın' payda bolıw da'wiri haqqında ha'r qıylı qarama-qarsı pikirler bar. Geyparalar onın' ma'deniyattın' janapay produktı dep esaplap antik da'wirde-de bolg'an Miflerdi ko'rsetedi. Biraq «Galaba ma'deniyat»tın' payda bolıwın ilimiy-texnikalıq revolyutsiya menen baylanıstırıwg'a umtılıwlar ko'birek tiykarg'a iye, sebebi ilimiy texnikalıq revolyutsiya ma'deniyattın' payda bolıwında taralıwında ha'm qabıl etiwde jan'a o'ndiris usılların keltirip shıg'adı. Burjuaziyalıq «massalıq ma'deniyat» birinshi ma'rtebe AQShta qa'liplesti. Bir ta'repten bul ma'deniyat tarawın demokratiyalastırg'an bolg'an, ekinshi jaqtan bul tarawg'a kommertsiyalıq siyasiy ma'plerdin', payda ushın umtılıw ko'rinislerinin' kirip keliwine mu'mkinshilik tuwdırdı. Ma'deniyat penen siyasattın' aralasıwı eki ha'r qıylı bag'darda keltirip shıg'arıwı mu'mkin.

Usı ko`z-qarastan qarag`anda, bul qubılıs filosofiya ushın u`lken izertlewdi talap etedi ha`m bul problemanı sheshiw jolların tezirek tabıw kerekligin bildiredi. Temamızdın' aktuallıg'ıda mine usında bolıp tabıladı.

**Kurs jumısının` maqseti:** «Galaba ma'deniyat»tın` jas o`spirimlerge, ulıwma jaslarg`a ta`sirin filosofiyalıq aspektte ko`rsetip beriw kurs jumısımızdın` tiykarg`ı maqseti bolıp tabıladı.

---

[1] I.A. Karimov Yuksak ma'naviyat – engilmas kuch. T.: Ma'naviyat. 2008. b57

**Kurs jumısının` wazıypaları:**

- Globallasıw da’wirindegi ma’deniyattın’ ha’m onın’ tu’rlerinin’ rawajlanıwın analizlew;

- Ma’deniyattı filosofiyalıq analizlewdin’ tiykarların u`yreniw;

- «G’alaba ma’deniyat» ha’m onın’ ha’zirgi da’wirdegi ko’rinislerin ko`rip shıg`ıw;

- «G’alaba ma’deniyat»tın’ bag’darları ha’m onın’ jas awlad ta’rbiyasına ta’sirlerin izertlew.

**Kurs jumısının` obekti.** Globallasıw da’wirindegi «G’alaba ma’deniyat» u’lgileri bolıp tabıladı.

**Kurs jumısının` predmeti.** Ulıwma globallasıw da`wirinde ma`deniyattın` rawajlanıwı ha’m onın` tu`rleri, sonın’ menen birge «G’alaba ma’deniyat»tın` ha`zirgi da`wirdegi ko`rinisleri, bag`darları bolıp tabıladı.

**Kurs jumısının` strukturası.** Kurs jumısı kirisiw, 2 bap, 4 paragraf, juwmaqlaw ha`m paydalanılg`an a`debiyatlardan ibarat.

## 1-Bap. Globallasıw da’wirindegi ma’deniyattın’ rawajlanıwı

### *1.1. Ma’deniyattı filosofiyalıq analizlewdin’ tiykarları*

Evropa filosofı Alber Shveytser: «Barlıqtı sa’wlelendiretug’ın ku’shler ishinde birinshisi ma’deniyat ha’m ahloq qalg’anının’ barlıg’ı azba ko’pbe ekinshi da’rejeli» degen edi. İnsaniyat tariyxına ayırıp aytqanda bu’gingi ku’nde globalllasıp baratırg’an du’nyada bolıp atırg’an waqıyalarg’a dıqqat penen na’zer awdarılsa, bul so’zlerge qosılmawdın’ ila ’jı joq.

A’lbette globallasıw ko’rinisinleri en’ aldıng’ı, jan’a texnologiyalar tiykarında islep shıg’arıwdı texnik qayta qurallandırıw, zamanago’y kommunikatsiya ha’m baylanıs quralları duziliwinin’ rawajlanıwı, ilimiy texnik ha’m basqa, adamlar turmıs ha’reketi ushın za’ru’r, bolg’an axborottı toplaw ha’m bo’listiriw, usag’an ko’rilmegen miynet o’nimdarlıg’ın ta’miynlew ushın qolay sharayat jaratıp, bul tarawda shegaralanbag’an imkaniyatlarg’a jol ashpaqta. Bul bolsa o’z na’wbetinde tu’rli ma’mleketlerdin’ o’z-ara jaqınlasıwına, ja’han ekonomikası dizimin integratsiyalanıwı mu’mkinshiliklerin a’melge asırıwg’a xızmet qılmaqta. Biraq globallasıw kisilik jasawdın’ rawajlanıwının’ ta’biyiy jemisi ekenligi ha’m olardın’ unamlı ta’replerin biykarlamag’an halda ha’zirgi du’nyada bir qatar unamsız ha’m qarsılıqlardı keltirip shıg’arıp atırg’an ta’replerinde na’zerden shıg’arıp bolmaydı. Bul haqqında pikir ju’rgizgende aweli ma’deniyat ha’m onın’ bas tamırın quraytug’ın ruwxiy a’dep-ikramlıq qa’driyatlardı asırap-abaylaw u’lken a’hmiyetke iye ekenligin aytıw kerek. Sebebi olar bu’gingi ku’nde ha’r qanday ma’mleket, sol esaptan O’zbekstan ushın alg’a qaray ha’reket qılıwdın’ za’ru’rli sha’rti, ja’miyet ma’naviy – axloqiy salamatlıg’ının’ kepinli, ku’shli ma’mleket sıpatında ja’han masshtabında mu’na’sip orın iyelewde bekkem tayanısh bolıp, xızmet qıladı.

Biraq bul tarawda Prezident İslam Karimov aytqanınday; «O’zbekstan xalqının’ milliy ruwxıyatına tiyisli bolg’an etnopsixologiyalıq sezimlerinin’

belgilerinde ja’nede itibarg’a alıw za’ru’r. Bul jag’day ja’miyetlik sana darejesinde adamlardın’ jan’alıqlarg’a qa’driyatlar dizimin o’zgertiwge, qaratılg’an sezimlerin olardın’ is-ha’reket qag’ıydalardı ha’m tusiniklerin joq qılıwg’a alıp keletug’ın tu’p o’zgerislerge qarag’anda ıxtıyatlıq penen qatnasta ko’rinedi»[2].

Bizin’she, ja’han tariyxıy ta’jriybesi O’zbek xalqının’ milliy mentaliteti, ha’m globallasıp baratırg’an du’nyadag’ı jan’alanıw o’zgeriwlerdi esapqa alg’an halda aytılg’an pikirler globallasıw sharayatı ha’m bu’gingi turmıs qarsılıqların tuwrı an’lawg’a ja’rdem beredi. Globallasıw jag’dayına baylanıslı qarsılıqlar, a’welı ma’deniyat sahasında anıq ko’rinbekte usı ta’repten globallasıwg’a pu’tin du’nyanı qaplap alg’an ma’deniy revolyutsiya dep ta’riplese boladı.

Belgili, bu’gingi ku’nde ja’ha’ndegi birde – bir siyasiy ma’sele yaki qa’wipsizlik ma’selesi batıs ma’mleketleri ayrıp aytqanda AQSh, Angliya, Frantsiya qatnasıwısız sheshilmeydi. Du’nyadag’ı ekonomikalıq problemalardı sheshiwde – de batıstın’ pikiri u’stin turadı. BMSh nin’ qawipsizlik ken’esi yaki xalıq ara valyuta jamg’arması qabıl qılg’an qararlarda da hesh gu’mansız a’weli Batıs ma’mleketleri ma’plerin go’zleydi. A’ne usınday xalıq-ara ekonomikalıq sho’lkemler arqalı batıs ja’nede ko’birek payda ko’redi. Usı tiykarda basqa ma’mleketlerde o’z ma’pine say ekonomikalıq siyasat ju’ritiwge ma’jbu’r etedi. Rus alımı V.İno’zemtsev bul haqqında toqtalıp to’mendegilerdi jazg’an edi. «Globallasıw tiykarın alg’anda, ko’klerge ko’terip maqtanıp atırg’an» ulıwma insaniy qa’diriyatlarg’a tayanıwshı jalg’ız sezimnin’ qa’liplesiwi sharayatı emes, ba’lki pu’tkilley basqa ko’rinisti ja’miyettin’ batıslıq modelinin’ ekspa’nsıyası ha’m du’nyanın’ usı modulge maslasıwın tu’sindiredi. Bu’gin globallas dep atap atırılg’an sharayattı batıslastırıw dep anıg’raq tusindiriw

[2] И. Каримов Узбекистан миллий истиқлол, иқтисод сиёсот мафкура жилди.Т.: Узб. 1996.139б.

mu’mkin.

A’lbette batıstag’ı ilim-pa’n jetiskenliklerin, ilimlerin u’yreniw, zamango’y texnologiyalardı o’zlestiriw ha’r qanday ma’mleket rawajlanıwı ushın za’ru’r ha’m paydalı. Biraq modernizatsiyalaw jolında Batıs ma’deniyatın ha’m qa’diriyatların tolıg’ınsha o’zlestiriwge ha’reket qılgan. Ma’mleket bir-qatar problemalarg’a dus keliwi so’zsiz. Birinshiden, bunday «Tajriybe» na’tiyjesinde qaysı ma’deniyatqa tiyisliligi haqqında anıq mag’lıwmatqa iye bolmag’an, o’zligin an’lawdan maxrum etilgen ja’miyet ishki qarsılıqlarg’a  duwshar ma’mleket qa’liplesedi. Sonın’ ushın-da bu’gingi ku’nde a’yyemgi  tariyxqa iye bolg’an ma’mleketler ma’deniy o’zine saylıq, tiyislilikti saqlag’an halda ma’mleket ha’m ja’miyetti modernizatsiyalaw jolın tan’lamaqta.

Mısalı: Yapon izertlewshileri bunnan bir a’sir aldın «Yapon ruwxiyatı, Batıs texnologiyası»  degen qag’iyda tiykarında o’z jolın belgilep alg’an edi. Sonın’ ushın yaponiya milliy o’zligin, tariyxın ma’deniy tamırların jog’altpastan joqarı rawajlangan ma’mleketke aynaldı.   Bunday ko’rinisti «Global pikirler, lokal ha’reket qıl» lozungine su’yenip is tutqan  tu’slik – arqa Aziyadag’ı Singapur, Tayvan, tu’slik Ko’reya sıyaqlı basqa ma’mleketlerde – de ko’riwge boladı. Olar manawiy, ruwxiy jaqtan batıslaspay turıp rawajlanıwg’a erispekte.

Bizin’ ma’mleketimizde – de bul jolda o’zgeshe jol tutılmaqta. Xalqımızdın’ bay tariyxı, o’zine say milliy sezimi, ma’deniy miyrası ha’m ruwxıy qa’diriyatların saqlap qalıw ha’m bekkemlew, ekonomikalıq rawajlanıw tarawında ma’mleketimizdin’ barha’ma  dıqqat orayında bolıp kelmekte. Ta’biyiy, bunday ruwxta oraylasqan rawajlanıw jolı Batıstag’ı ayrım siyasiy ku’shlerdi qanıqtırmaydı.

Globallasıwdın’ zamanago’y «Liberalları» «demokratiya» «İnsan huqıqları» siyaqlı mu’qa’ddes qa’diriyatlardı perde qılıp, xalıqlardın’

ma'ha'lliy ma'pleri, a'yyemgi qa'driyatları, axlox normaları ha'm da'stu'rlerinen izshillik penen uzaqlastırıw siyasatın qollap quwatlamakta. Globallastırıwdın' Amerikalıq teoretiklerinen biri Entoni Giddens solay aytadı.

U'rip-a'det ha'm da'stu'rlerdin' turmısımızg'a ta'siri ku'nnen-ku'nge kemeyip barmaqta ha'm bul ko'rinis adamg'a usı da'wirge shekem erisilmegen jeke erkinlikti ina'm etedi. Bul so'zler tiykarındag'ı maqsetti an'law qıyın emes. Yaxshı, ha'zirgi da'wirde globallasıw ta'repdarları milliy ma'deniyat ornına qanday ma'deniyat usınbaqshı? Ulıwma ja'ha'n ma'deniyatı dep tusindiriletug'ın Amerikalıq jasaw ta'rizi, ma'nisi daramatı maksimal ko'beytiriw ideyasına sadıqlıq tiykarında qa'liplesken.

Haslında, ma'deniyat, insan ha'reketinin' ishki mazmunın quraydı.

### *1.2. Ma'deniyattın' tu'rleri ha'm ayırmashılıqları*

Du'nyada 2000 nan aslam tiller bar, olardın' ha'mmesi ne menen bolsada bir-birinen ayırmashılıqqa iye. Ha'zirgi filosofiyada ha'm ma'deniyattanıwda solardın' ja'rdemi menen klassifikatsiyalawg'a bolatug'ın ulıwma qabıl etilgen kriteriya joq. Bul degen, heshkim usı kriteriyanı anıqlaw ushın umtılmadı degen emes. Kerisinshe umtılıw ko'p bolg'an, biraq bulardın' birewide tabıslı bolmag'an.

Degen menen logikalıq jaqtan islengen ma'deniyattın' strukturasın anıqlaw ha'm belgilew mu'mkinshiligi ilimiy jaqtan da'lilengen. Bul ushın bo'liniwdin' tiykarın durıs anıqlaw za'ru'r. Ha'zirgi ku'nge kelip ma'deniyattı onın' iyesine, taratıwshısına qarap bo'liw qabıllang'an.

Usıg'an baylanıslı ma'deniyat:

a) du'nya ju'zlik ma'deniyat

b) Milliy ma’deniyat dep ekige bo’linedi.

Du’nya ju’zlik ma’deniyat- bul barlıq miliy ma’deniyatlardın’ en’ joqarı jetiskenliklerinin’ sintezi bolıp tabıladı.

Milliy ma’deniyat ha’m onın’ bahalıqları pu’tkil adamzattın’’ mu’lkine ha’m baylıg’ına aynalg’anda g’ana du’nya ju’zlik a’hmiyetke iye bolıwı, du’nyag’a tanıladı. Milliy ma’deniyat o’z gezeginde ja’miyettegi sotsiallıq qatlamlardın’ ha’m gruppalardın’ ma’deniyatlarının’ sintezi bolıp tabıladı. Milliy ma’deniyattın’ o’zgesheligi, onın’ qaytalanbaslıg’ı ha’m originallıg’ı iskerliktin’ ruwxıy (til, a’debiyat, muzıka, din, suwretlew iskusstvosı) ha’m materiallıq (miynet ha’m o’ndiris traditsiyaları, ekonomikalıq ha’m xojalıq ju’ritiw tu’rleri) tarawlarında ko’zge taslanadı. Ha’r qanday ma’deniyat, u’lken yamasa kishi xalıqqa (milletke) tiyisli bolıwınan qaramastan basqa xalıqlardın’ ma’deniyatı menen baylanısta, olardın’ o’z-ara ta’sirinde, qarım-qatnaslarında g’ana payda boladı ha’m o’sip rawajlanadı.

Ma’deniyattın’ do’retiwshisine ha’m onın’ da’rejesine qarap, onın’ u’sh formasın ajıratadı.

1. Elitarlıq ma’deniyat

2. Xalıq ma’deniyat

3. G’alaba ma’deniyat

Elitarlıq, yamasa joqarı ma’deniyat-ja’miyettin’ artıqmash (ayrıqsha xuqıqlarg’a iye) bo’legi ta’repinen ju’zege kelgen yamasa olardın’ buyırtpası boyınsha professional do’retiwshiler ta’repinen du’zilgen boladı. Ol na’zik ko’rkem-iskusstvonı, saldamlı muzıkanı ha’m joqarı intellektuallıq a’debiyattı o’z ishine aladı. Joqarı ma’deniyat u’lgileri, ma’selen Pikasso, Van GOG, Salvador Dali su’wretleri, yamasa Bax, Shopen muzıkaları ha’mme ushın tu’sinikli emes.

Bul ma’deniyattın’ tutınıwshıları ha’m ıqlaspentleri ja’miyettin’ en’ joqarı bilimge iye bo’legi: Kritikler, iskusstvo ha’m a’debiyattanıwshılar,

teatrlar, muzıkantlar, jazıwshı ha’m shayırlar, ilimpazlar boladı. Xalıqtın’ bilim da’rejesinen o’sken sayın joqarı ma’deniyattın’ paydalanıwshıları ko’beye beredi.

XX-a’sirdin’ ekinshi yarımı, ja’miyetlik rawajlanıwdın’ tiykarg’ı faktorı bolg’an ilim ha’m texnikanın’, tez pa’t penen rawajlanıwı menen xarakterlenedi. Biraq bul jag’day ko’pshilik adamnın’ orta da’rejedegi bilimi arasındag’ı ayırmashılıqtı ku’sheytedi na’tiyjede ilimi sheklengen ra’wishtegi adamlarg’a g’ana yaki intellektuallıq elitag’a g’ana tu’sinikli ha’m qızıqlı bolıw sharayatı payda boladı.

Joqarı (elitalıq) ma’deniyat ja’miyettin’ azshılıq tarawının’, ma’deniyatı.

Bul ma’deniyatqa qatnasıq birdey bolmaydı. Joqarı bilimlilikke iye ha’m joqarı ma’deniyat tiykarında qa’liplesken qa’nigelerdin’ bir bo’legi joqarıdag’ı aytılg’an qubılıstı belgili bir xalıqtın’, yaki da’wirdin’ ma’deniyatındag’ı en’ jaqsı ko’rinis dep qabıl aladı. Basqa izertlewshiler joqarı ma’deniyattı a’piwayı ma’deniyattın’ bir ko’rinisi dep qabıllaydı.

U’shinshi birewler joqarı ma’deniyatqa unamsız qarap,bunday ko’pshilik adamlarg’a tu’siniksiz bolg’an ma’deniyattın’ jasawı ja’miyette bo’liniwshilik ha’m qarama-qarsılıqlardı keltirip shıg’arıwı mu’mkin dep esaplaydı.

Usılay etip, joqarı (elitalıq) ma’deniyatqa ha’r tu’rli ko’z-qaraslar bar.

«G’alaba ma’deniyat»-batıs ma’deniyatının’ bir tu’ri, bolıp, onın’ ma’nisi “tutınıwshılıq” yaki kommertsiyalıq ma’deniyat dep atap, ol massalıq tutınıwshılarg’a bag’darlang’an.

«G’alaba ma’deniyat»tın’ en’ baslısı-onın’ tovarlıq utilarlıq (is ju’zinde payda alıwg’a) qızıqtırıwshı bag’darı.

«G’alaba ma’deniyat» industriallıq postindustriyalliq tsivilizatsiyanin’ tuwindisi sipatinda AQSh ta payda boldi ha’m XX-a’sirdin’ ekinshi

yarımında a’dettegi gumanitarlıq ma’deniyattan ayrıqsha u’stem ma’deniyatqa aynaldı.

«G’alaba ma’deniyat»tag’i en’ baslı ko’rinis massanı qızıqtırıw, qanaatlandırıw ha’r tu’rli usıllar menen keskin sezimlerdi payda etiw, Massanı ha’r qıylı a’jayıp o’zinin’ a’detten tısqarlıg’ı menen ulıwma qabıl etilgen normag’a, modag’a sa’ykes kelmewshiligi menen dıqqattı o’zine awdarıwshı sırlı, qorqınıshlı ko’rinislerdi paydalanıwdan ibarat.

## 2-Bap. «G’alaba ma’deniyat» ha’m onın’ ha’zirgi da’wirdegi ko’rinisleri

### *2.1. «G’alaba ma’deniyat»tın’ bag’darları*

«G’alaba ma’deniyat» qubılısına qızıg’ıw erterekten payda bolg’an, bu’gingi ku’ni “massalıq ma’deniyat” kontseptsiyası ha’m teoriyasına arnalg’an ko’plegen izertlewide bar. Ko’pshilik avtorlar onı o’zinin’ genezisine rawajlanıw bag’darı ha’m spetsifikasına iye sotsiallıq fenomen dep esaplaydı.

«G’alaba ma’deniyat»tın’ o’zliginshe sotsiallıq fenomen sıpatında payda bolıw da’wiri boyınsha ma’deniyat tariyxshıları ha’m teoritikleri birgelikli pikirge kelmegen tariyxshı Ep Smolskaya massalıq ma’deniyattın’ mın’ jıllıq tariyxı haqqında aytıwg’a hesh qanday tiykar joq deydi. Bug’an qarsı amerikalıq sotsialog D. Your «g’alaba ma’deniyat»tın’ birinshi elementlerine ko’p sanlı xalıqtın’ o’nermentlerdi toplag’an Rim gladiatorlarının’ gu’resin keltiriwge boladı,-deydi. Degen menen massalıq ma’deniyattın’ payda bolıw da’wirin XIX a’sir aqırı XX a’sirdin’ basınan dep aytıw durısıraq boladı. .

«G’alaba ma’deniyat» bul a’dettegi ma’deniyattın’ a’ytewir bir ko’rinisi bolmay pu’tin ma’deniyattın’ o’zgeriwindegi ko’rinerlik o’zgeris bolıp tabıladı.

«G’alaba ma’deniyat»tın’ ertedegi formalarınan birine, izertlewshiler XIX a’sirddin’ 30-jıllarında payda bolg’an, ha’m birden taralıp, ja’riyalıqqa iye bolg’an detektiv janrlardı kirgizgen. XIX a’sir aqırında AQSh ta «G’alaba ma’deniyat»tın’ komiks forması kelip shıg’adı. Bul janr a’wel basta balalarg’a arnalg’an bolg’an, biraq keyin ala u’lkenler turmısına da kirip barg’an massalıq ma’deniyattın’ aktiv, anıg’ıraq aytqanda tez pa’t penen rawajlanıwı XX a’sirdin’ ortalarınan baslanadı. Usı momentten baslap ol totallıq ekspansivlik xarakterge iye boldı.

A’dettegi ma’deniyatqa uqsap, usı waqıtqa shekem massalıq ma’deniyatqada universallıq anıqlama joq.

Ma’selen sonda «g’alaba ma’deniyat» ilimiy filosofiyalıq kategoriya sıpatında o’zine u’sh tu’sinikti biriktiredi.

Birinshiden “ma’deniyattı” produkt xarakterinin’ o’zgesheligi sıpatında.

Ekinshiden “g’alabalıg’ı” produktı taratıwdın’ da’rejesi sıpatında

U’shinshiden “ma’deniyattı”, ruwxıy baylıq sıpatında tu’siniw.

Geypara izertlewshiler «g’alaba ma’deniyat»tı forma ha’m mazmunı arasında ba’rhama bo’liniwshilik bolıp turatug’ın o’zgeshe ma’deniyat fenomeni, avtonomlıq birlespe dep esaplaydı. Basqa bir ko’z qaraslarda massalıq ma’deniyat, ha’zirgi ja’miyette ma’deniy qadriyatlardı o’ndiriwdin’ o’zgesheliklerin xarakterleytug’ın qubılıs dep anıqlaydı. «G’alaba ma’deniyat»tan jasaw ma’mleketinen, jerinen g’a’rezsiz barlıq adamlar paydalanadı degen pikir ushırasadı. Ol en’ ko’p ha’m ken’ auditoriyag’a iye. Ol adamlardın’ tap ha’zirdin’ o’zinde payda bolg’an talapların qanaatlandıradı, ha’m ha’r qanday jan’alıqlardı waqıyalardı ko’rsetip bere aladı. Sonın’ ushın bolsa kerek, massalıq ma’deniyattın’ u’lgileri tez arada o’zinin’ a’hmiyetliligin ha’m belgililigin jog’altadı, modadan shıg’adı.

Ha’zirgi da’wirde massalıq ma’deniyat ja’miyettin’ barlıq tarawına kirip barmaqta ha’m o’zinin’ bir semiotikalıq (kesel tuwralı ilim) ken’ligin qa’liplestiredi.

«G’alaba ma’deniyat» o’zinin’ strukturasına ha’m da’rejesine iye. Ha’zirgi ma’deniyattanıwda, massalıq ma’deniyattın’ u’sh tiykarg’ı da’rejesin ayıradı.

1. Kich----ma’deniyat (to’men ma’nisli ha’tte turpalı ma’deniyat.)
2. Mid---- ma’deniyat (“orta da’rejedegi tipindegi ma’deniyat”).

3. Art------ ma’deniyat geyde ha’tte joqarı ko’rkemlilik mazmung’a iye, ha’m estetikalıq ko’rinisin bolg’an massalıq ma’deniyat sanaladı.

«G’alaba ma’deniyat»tı o’zgeshe sotsial-ma’deniyatlıq qubılıs sıpatında analizley otırıp onın’ tiykarg’ı xarakteristikasın ko’rsetiw za’ru’r. Bular to’mendegilerden ibarat.

1. Gomogenlik auditoriyag’a bag’darlang’anlıq
2. Emotsionallıq, irratsionallıq kollektivlikke, sanasızlıqqa su’yeniw.
3. Tez biliw, tu’siniwshilik.
4. Tez umıtıwshılıq.
5. A’dettegi ha’m konservativlik (go’ne eskige qaraw) ha’m tag’ı basqa.

«G’alaba ma’deniyat» o’zliginshe qubılıs sıpatında ha’r qıylı sıpatlanadı. Ulıwma ha’zirgi bar ko’z-qaraslardı eki gruppag’a bo’liwge boladı. Birinshi gruppa wa’killeri (Adorno, Markuze ha’m tag’ı basqa). Bul fenomenge negativ (unamsız) baha beredi. Olardın’ pikirinshe massalıq ma’deniyat tutınıwshılarg’a barlıqtı passiv rawishte qabıllawdı qa’liplestiredi. Bul pozitsiyanın’ argumenti sonday tu’sindiredi, yag’nıy massalıq ma’deniyat miynetlerinde, individ do’geregindegi sotsial-ma’deniyatlıq boslıqtag’ı bolıp otırg’an qubılıslarg’a tayar juwap beriledi. Massalıq ma’deniyattın’ ja’miyetlik sanag’a ta’sirinin’ (negativ) unamsız momentlerine, massalıq ma’deniyattın’ barlıqqa, xaqıyqatlıq obrazına tiykarlanbay, al adamnın’ psixikasının’ sanasız tarawına ta’sir etiwshi imidjler (eliklewler) sistemasına tiykarlanadı.

Degen menen ja’miyettin’ o’mirinde massalıq ma’deniyattın’ optimistlik roli haqqındag’ı ko’z-qaraslardın’ ta’repdarları sonı ko’rsetedi.

1. Ol, o’zinin’ bos waqtın na’tiyjeli paydalana almaytug’ın massalardı o’zine tartadı.
2. Joqarı texnologiyalıq ja’miyet ag’zalarının’ arasında tıg’ızıraq baylanıs bolatug’ın semiotikalıq (keselin) maydanshasın do’retedi.

3. A’dettegi (joqarı) ma’deniyat do’retpeleri menen ken’ auditoriyanı tanıstırıw ushın mu’mkinshilik beredi. Degen menen «G’alaba ma’deniyat»tın’ negativ ha’m pozitiv ta’replerin bir-birine qarsı qoyıp bahalaw onsha qolaylı emes boladı. Belgili massalıq ma’deniyattın’ ja’miyetke ta’siri birdey emes, ol “qara” yamasa “aq” degen sxemag’a tura kelmeydi. «G’alaba ma’deniyat»tı analizlewdin’ baslı problemalarının’ biri usınday.

Usılay etip bizin’ da’wirimizdin’ ortalarınan baslap «g’alaba ma’deniyat» ekonomikanın’ en’ payda keltiriwshi tarawına aylana basladı, ha’tteki usıg’an say keletug’ın atlar menen: “Kewil ko’teriw industriyası” “Kommertsiyalıq ma’deniyat”, “ko’p ma’deniyat” “bos waqıt industriyası” ha’m tag’ı basqa da tu’rli atlar kelip shıqpaqta. O’ndiristin’ mexanizatsiyalanıwının’ joqarı da’rejede rawajlanıwı, ko’pshilik adamlardın’ bos waqtının’ ko’beyiwine alıp keledi. Adamlar usı waqıttı qalay o’tkeriwdi planlastıradı. Mine usı waqıttan, a’lbette pul arqalı qanaatlandırıwg’a, o’zin a’debiyat ha’m iskusstvonnın’ sezim tarawına ta’sir jasaytug’ın ko’rinis massalıq ma’deniyat bolıp tabıladı. Keyingi on jıllıqlar ishinde ma’deniyattın’ demokratiyalasıwının’ ayrıqsha a’hmiyetli kanalları, kino, televidenie ha’m a’lbette sport bolıp esaplanadı. Bul kanallar psixologiyalıq bosan’lasıwg’a umtılg’an, onshelli tan’lamaytug’ın og’ada ko’p audiotoriyanı ko’rermenlerdi jıynaydı. Solay etip massalıq xabar qurallarının’ (radio, massalıq baspa xabarlar; televidenie, gramzapisler, video texnika ha’m tag’ı basqalar payda bolıwı menen joqarı ha’m xalıq ma’deniyat arasındag’ı ayırmashılıqlar joyılıp baradı. G’alaba ma’deniyat xabar quralları ha’m massalıq ma’deniyat o’z-ara tıg’ız baylanısta. Ma’deniyattın’ produktı standartlassa ha’m adamlar arasında ken’nen tarqatılsa ma’deniyat, massalıq ma’deniyatqa aynaladı. «G’alaba ma’deniyat» xalıqtın’ qa’legen talg’amların yaki ruwxıy izleniwshiliklerin

jaratpaydı, ol elitarlıq yaki xalıq ma’deniyatına qarag’anda az ko’rkem bahalıqqa iye. Biraq ol en’ ken’ auditoriyag’a iye. Ol adamlardın’ sol minuttag’ı talapların qanaatlandıradı, ha’r qanday jang’a qubılıstı waqıyanı sezedi ha’m onı sa’wlelendiredi. Sonın’ ushın massalıq ma’deniyattın’ u’lgileri ayırım aytqanday shliyagerler tez o’z aktualıg’ın jog’altadı, go’neredi, modadan shıg’adı. Ol internatsionallıq ha’m milliylik bolıwı mu’mkin. Estradalıq muzıka, «g’alaba ma’deniyat»tın’ jarqın mısalı. Ol bilim da’rejesinen g’a’rezsiz barlıq jastag’ı, qatlamdag’ı xalıqqa tu’sinikli ha’m qolaylı.

Sonı ta’n alıw kerek massalıq ja’miyet ma’deniyatı ulıwma ma’deniyatlıq potentsialg’a tikkeley jaman ta’sir ko’rsetpey, al janapay ra’wishte ta’sir ko’rsetedi. «G’alaba ma’deniyat»tın’ tiykarg’ı ko’rinis formalarına vestern, fantastika, erotika, pornografiya, ujas (qorqınısh) mistika ha’m tag’ı basqalar jatadı.

«G’alaba ma’deniyat» ha’zirgi rawajlang’an ja’ma’a’nin’ sotsial-ma’deniyatlıq turmısının’ en’ bir jarqın ko’rinisleri bolıp kelgen menen, ulıwma ma’deniyat teoriyası ko’z-qarasınan bir qansha az moyınlang’an fenomen bolıp tabıladı. Keyingi jılları E.Orlova (filosof) ta’repinen massalıq ma’deniyattın’ sotsiallıq funktsiyaları haqqında qızıqlı izertlewlerdin’ teoriyalıq tiykarları islenip shıg’ılg’an.

Onın’ kontseptsiyası boyınsha ma’deniyattın’ morfologiyalıq qurılısında eki tarawdı bo’lip ko’rsetiwge boladı:

1) Ku’ndelikli ma’deniyat, bul adamnın’ ulıwma sotsializatsiya protsesi ha’m jasaw ortalıg’ınan o’zine qabıllaytug’ın taraw (a’lbette ta’rbiyalaw ha’m ulıwma bilimlendiriw arqalı).

2) Ayrıqsha qa’nigelik bilimdi talap etetug’ın qa’nigelestirilgen ma’deniyat. Usı ekewinin’ aralıg’ında yag’nıy massalıq ma’deniyat rol oynaydı. Bizin’ da’wirimizde massalıq ma’deniyattın’ tiykarg’ı

ko’rinislerinin’ ha’m bag’darlarının’ ishinen to’mendegilerdi ayırıp ko’rsetiwge boladı. Balalıq sub ma’deniyat industriyası (balalar ushın ko’rkem shıg’armalar oyınshıqlar ha’m sanaat do’retpeler oyını balalardın’ tutınıw o’zgeshe tovarları, balalardın’ klubları ha’m lagerleri, a’skerlesken ha’m basqada sho’lkemler, balalardı kolektivlik ta’rbiyalaw texnologiyası ha’m tag’ı basqa). Bular balalar ta’rbiyası mazmunın ha’m formasın anıq qaplang’an standartlastırıwdı maqset etedi. Olardın’ sanasına sotsiallıq ha’m jeke ma’deniyattın’ bir tu’rge engizilgen (unifitsirovan) formaların sin’diriwden ibarat. Sol ja’miyette rasmiy taralatug’ın,bazalıq qa’driyatlardın’ tiykarg’ı bazaların salıw ha’m onı tu’sindiriwden ibarat.

Balalar sub ma’deniyatı sha’rtleri menen tıg’ız baylanısta bolg’an massalıq ulıwma bilim beriw mektepleri, oqıwshılardı ilimiy bilim tiykarlarına, qorshap turg’an du’nya haqqında filosofiyalıq ha’m diniy mag’lıwmatlardı biliwge, adamlardın’ kollektivlik o’mir ha’reketinin’ tariyxiy sotsial-ma’deniyatlıq ta’jriybelerine ha’m olardı ja’moada qabıl etilgen qa’driyatlarg’a bag’darlarlaw, aralastırıw, qatnastırıw wazıypasın atqaradı.

Xalıqtın’ ken’ qatlamına ku’ndelikli aktual mag’lıwmatlardı jetkerip turıwshı, bolıp atırg’an qubılıslardın’ ma’nisin a’piwayı adamg’a “tu’sindiriwshi” ja’miyetlik taraw massalıq xabar quralları bolıp tabıladı. Sonday-aq milliy (ma’mleketlik) ideologiya ha’m propaganda sisteması, “patriotlıq” ta’rbiya ha’m tag’ı basqa. Massalıq siyasiy ha’reketler (partiyalıq ha’m jaslar sho’lkemleri, demonstratsiyalar, u’git-nasixat ha’m saylaw kompaniyaları) massalıq ma’deniyat ko’rinislerine kiredi. Bos waqıtta kewil ko’teriw industriyası, bul o’z ishine massalıq ko’rkem ma’deniyattı (a’melde ma’deniyat ha’m iskusstvonın’, barlıq tu’ri, tek arxitektura bolmawı mu’mkin). Massalıq tamasha ko’rinisler, (sport, tsirkten baslap erotikag’a shekem) professional sport (bos waqıttı

sho'lkemleskenlik penen o'tkeriw strukturası (bug'an sa'ykes klub tipleri diskotekalar, tantsploshadka) ha'm shou basqa tu'rleri, Massalıq ma'deniyat ko'rinisleri.

Bul jerde qatnasıwshı ko'riwshi passiv qarawshı (tın'lawshı) g'ana bolıp qalmay olarda o'tip atırg'an ko'rinislerge aktiv aralasıw psixologiyasında payda boladı.

Bos waqıtta den-sawlıqtı saqlaw industriyası bug'an adamnın' fizikalıq ha'reketi, dene shınıqtırıw (kurort industriyası massalıq fizkultura ha'reketi, kulturizm ha'm aerobika, sport turizmi sonday-aq o'z ko'rinisin o'zgertiw ushın meditsinalıq, farmatseftikalıq, kosmetikalıq xızmetlerden paydalanıw) kiredi.

İntellektuallıq bos waqıttı o'tkeriw industriyası ("ma'deniyatlı" turizm, ko'rkem ha'weskerlik ha'r-kimnin' qızıg'ıwına qaray intellektuallıq yamasa estetikalıq krujoklar, ha'r-qıylı jıynawshılar ja'miyeti, is bukinistler, filatelistler, ilimiy-ag'artıw mekemeleri ha'm birlespeleri, sonday-aq ilimiy-belgili, intellektuallıq oyınlar, viktorinalar, krossvordlar ha'm tag'ı basqalar). Bular adamlardı ilimiy-belgili bilimlerge, ilimiy ko'rkemshilikke qızıg'ıwshılıqqa ulıwma ja'miyettegi probemalardı tu'siniwge ja'rdem beredi.

Ha'r qıylı tu'rdegi oyın kompleksleri, mexanikalıq oyın avtomatlarınan, elektron pristavkalardan, kompyuter oyınlarınan ha'm tag'ı basqa adamnın' psixomotorlıq reaktsiyasın rawajlandırıwshı virtuallıq reallıq sistemasına shekem u'yretiwshi tarawlar.

Ayrıqsha bilimler boyınsha ha'r qanday slovarlar, spravochnikler, entsiklopediyalar, kataloglar, elektronlıq ha'm mag'lıwmatlardın' basqada tu'rleri, internet ha'm tag'ı basqa. Bular tayarlang'an qa'nigelerge emes, al "ko'sheden kelgen" massalıq tutınıwshılarg'a esaplang'an, bag'darlang'an.

Bulardan basqa massalıq ma'deniyattın' bir qansha qatar jeke

bag’darların aytıwg’a boladı.

Adamlar ku’ndelikli turmısta massalıq ma’deniyattın’ fenomeni menen ko’birek duslasadı. Olarg’a estradalıq-muzıkalıq, erotikalıq ha’m qızıqlı oyın shou biznestin’ kommertsiyalasqan ko’rinisleri, kino ha’m a’debiyattın’ en’ pa’s janrları, adamdı sharshatatug’ın reklamalar, g’alaba xabar qurallarında beriletug’ın to’men mazmundag’ı xabarlar ha’m tag’ı basqalar.

Ja’miyette «g’alaba ma’deniyat»tın’ tikkeley kommertsiyalıq, ma’nissiz ha’m a’depsiz “kontr ma’deniyatlıq”, ten’dentsiyası, onın’ seksuallıq tarawda og’ada ashkaralıg’ı, adamnın’ fiziologiyalıq ha’m psixopotologiyalıq problemalarına zorlıq obrazlarına, reyimsizlikke tag’ı basqa a’dettegi ma’deniyatta ba’rhama qadag’an etilgen jasırın yamasa alamanlıq ko’rsetiwge usınılmag’an tarawlarg’a kem-quramlılıq penen qaraw.

Biraq en’ baslısı massalıq ma’deniyattın’ joqarıda ko’rsetilgen komponetlerinin’ ashıqtan ashıq erkin satıwg’a shıg’arılıwı, onın’ en’ baslı ma’nisli belgi ha’m funktsiyası emes, al onın’ heshkimge ziyansızıraq ko’rinisi shıg’ar. A’hmiyetliligi massalıq ma’deniyattın’ sotsial-ma’deniyatlıq praktikada jan’a bolıwı ha’zirgi “adamnın’ ma’deniyatlıq kompotentligin” sho’lkemlestiriwdegi qanday-da jan’a formanın’ ko’rinisi, onın’ sotsializatsiyalanıwı ha’m inkulturatsiyalanıwı onın’ sanasın ma’plerin ha’m talapların, tutınıwı za`ru’rliklerin, bahalı bag’darların hiylelik penen o’zgertiw jan’a basqarıw sistemasın keltirip shıg’armaqta.

### *2.2. «G’alaba ma’deniyat» tın’ jaslarg’a ta’siri*

«G’alaba ma’deniyat»tın’ oqıwshılardın’, o’spirimlerdin’ ulıwma jaslardın’ ta’rtibine ta’sirin izertlew keyingi waqıtları du’nya ju’zi psixologlarının’ izertlew ha’reketlerinin’ en’ baslı bag’darlarının’ birine aylanbaqta. Evropada, Amerikada usı problematikag’a baylanıslı xalıq-aralıq konferentsiyalar, seminarlar tez-tezden o’tkerilıp turmaqta. Bul tarawda ju’rgizilgen izertlewler SMK ha’m SMI (massalıq kommunikatsiya quralı, massalıq informatsiya) ta’sirinde o’spirimler minezlerinde agressivlik ko’rinisleri bolatug’ınlıg’ı anıqlang’an.

Usılay etip jas o’spirimlik da’wirden baslap ha’mme ta’repten-gazeta, radio-televidenieden ha’r qıylı informatsiyalar adamnın’ basına topıladı. Ol adamg’a ta’sir etpey qalmaydı, jeke adamnın’ rawajlanıwın etaplar boyınsha, yag’nıy qaysı jasta xarakter belgileri ko’rinedi. Qaysı jasta jeke adamg’a sırttag’ı ta’sir jeterli bolıwın anıqlaw. 4 jastan 6 jasqa shekem balada sanalı initsiativanın’ ko’rinisi qa’liplesedi. Bala o’zinin’ ha’m u’lken adamlardın’ ha’reketlerine baqlay otırıp, tınımsız fantaziyalaydı. Bul da’wirde ne-jaman, ne-jaqsını ayıra baslaydı. 10 jasta bala bir qansha ten’lesedi. O’mirde jen’illik penen qabıl etedi ha’m isengish boladı. Bul jasta ha’r qanday ha’reketler olar ushın tiykarg’ı rol oynaydı.

14-15 jasta bala o’z do’geregine ko’z taslap o’mirdin’ mazmunı haqqında oylana baslaydı. Bul jasta ruwxıy tu’skinliktin’ ko’rinisleri, anıq bolashaqtın` joqlıg’ınan nervlıq u’zilis jag’dayları ushrasadı. 15 jaslıq o’spirimler g’a’rezsizligi, erkinligi maksimalizm menen ayrıladı, olar o’zinin’, jeke isenimi, eliklewi pozitsiyası ushın gu’resedi. A’dette usı da’wirlerde omir planların du’ze baslaydı. Bunnan basqa, izertlewler sonı ko’rsetedi ha’r qanday zıyanlı ta’sirlerdi qabıl etiwi o’sedi.

16 jasta psixikalıq ten’lik tikkelenedi, biraq bul ha’mme ushın tiyisli bola bermeydi. Ko’plerinde nervlıq, qolaysızlıq, o’zinin’ ta’rtibin ko’rsetiw

ko’rinisleri saqlanadı. Bunday belgiler do’gerektegi adamlarda, o’spirimnin’ aqılının’ jetispewshiligi degen pikirdi tuwdırıwı mu’mkin. Geypara jaslarda “maksimalizm jarıg’ında, real bolmag’an ju’da’ joqarı idealdı talap etiw tiykarında-ha’r qanday xaqıyqatlıq o’spirim ushın qaran’g’ı, kewilsiz bolıp ko’riniwi mu’mkin” ekenligin aytıw za’ru’r, bul bolsa pissemizm ha’m u’mitsizlikti tuwdırıp, ha’r qanday ha’reketti bastıradı.

Usılay etip jeke adamnın’ qa’liplesiwi ko’z qarasınan “o’spirimnin’ da’wiri kritikalıq bolıp, bul jas ju’da’ sezimtal bolıp, onın’ keleshegi qaysı jol menen barıwın anıqlaw qıyın.

16-25 jasta o’zinin’ o’zligi sanası oyanıp basqalarg’a uqsamaytug’ınlıq psixologiyası payda boladı.

Usılay etip jaslar bu’gingi ku’ni semyanın’, mekteptin’, ja’miyettin’ probleması bolıp tabıladı.

Ha’zirgi waqıtta ilimiy-texnikalıq progresstin’ rawajlanıwı. SMK ha’m SMİdin’, massalıq ma’deniyattın’ olarg’a ta’sirin ha’r ta’repleme izertlew, onın’ unamlı ha’m unamsız ta’replerin ko’rsetiw bugingi ku’nnin’ wazıypalarınan biri jaslardın’ portretinin’ ja’ne bir ko’rinisi o’zlerinin’ ta’rtibine eliklew obrazın izlew bolıp tabıladı. Bul obrazlardı ol semyadan emes, al o’z qatarlarının’, u’lken joldaslarının’, aktyor ha’m muzıkantlardın’ ha’m t.b. ishinen izleydi. Bir waqıtları jaslar kitap qaharmanlarına elikleytug’ın bolsa, endi ol da’wir ketti, endi ol qaharmanlardı g’alaba xabar qurallarinan sol esaptan radio-televidenieden izleydi. Jaslardın’ psixikası na’zik, ol tez arada o’z qaharmanın tabadı, ha’m sog’an uqsawg’a, ha’tte sırtqı ko’rinisinde de uqsawg’a umtıladı. Geypara waqıtları jaslar qara, sarı, qızıl ren’degi kiyimlerdi kiyip pop-qosıqshılarg’a elikleydi. Olardın’ qosıqların tın’lag’an jaslardın’ baslarında qanday ta’rtipsiz qıyallar, pikirler ju’rgenin shamalawg’a boladı. Olardın’ qosıqlarının’ mazmunında teren’ ideya emes, al o’mir tek oyın-ku’lkiden

ibarat-degendey mag’ananı beredi. Bularda jaqsılıq, go’zzallıq, a’dep-ikramlılıq, xaqıyqıy adamzatlıq sezimler joq.

Pop ma’deniyatqa qarsı sıpatında rok shıqpaqta. Izertlewshiler rok muzıkada anıq “a’depli-etikalıq pozitsiyanın’” ha’m onda ta’rbiyalawshi du’nya taniwshi ha’m biriktiriwshi funktsiyanin’ barlıg’ın belgileydi.

Tilekke qarsı keyingi waqıtlarda rok-muzıka shou-biznestin’ bo’legine aynalıp barmaqta, anıg’ırag’ı ko’pshilik prodyusserler (qoyushılar) sonday etiwge umtılmaqta. G’alaba xabar quralları joqarıda aytılg’an pop ha’m rok muzıka bag’darların taratıwda u’lken rol oynaydı.

A’dette G’XQ-nın’ funktsiyalarınan biri sotsiallastırıw ha’m ta’rbiyalaw bolıp tabıladı. Degen menen ko’pshilik jag’daylarda ha’zirgi televidenie bul problemalardı umıtıp qoyg’anday ko’rinedi: pop ma’nisi populyarnıy, belgili mag’anada rok-terbeliw mag’anası.

Jaslardı ta’rbiyalaw ha’m ag’artıw ornına reallıqtan uzaqlatıp kino filmlerdin’ reyimsizlik tu’rlerin, narkotik ko’rinislerinin’ ha’r qıylı tarawların ko’rsetiwge umtıladı.

Joqarıda aytılg’anlar tiykarınan Rossiya ha’m tag’ı basqa kanallardan beriletug’ın, ko’rsetiletug’ın filmler, klipler, “muzıkalıq xabarlar” haqqında edi. Ko’pshilik filmlerdi ta’rbiya ha’m ag’artıw ma’selesi ornın, arzan, kewil ko’teriw, ma’nissiz oyınlar iyelemekte. Televidenie ta’sirinde ha’zirgi jaslardın’ ruwxıy du’nyası og’ada a’piwayı ha’m jarlı bolıp barmaqta.

## JUWMAQLAW

Tariyxıy da’wirdin’ ayrım ramkalarında ha’mme waqıtta ha’r qıylı ma’deniyatlar jasag’an: internatsionallıq ha’m milletlik, svetlik (aq su’yekler) ha’m diniy, eresekler ha’m jaslar, batıs ha’m shıg’ıs. Ha’zirgi ja’miyette massalıq ha’m elitarlıq ma’deniyat u’lken a’hmiyetke iye bolmag’an.

«G’alaba ma’deniyat» bul ha’r ku’ni u’lken ko’lemde shıg’ıp turg’an ma’deniyat produktsiyası massalıq ma’deniyattı tuwılg’an jeri, eline, jasına, jınısına qaramay ha’mme adam tutıladı. Ol klasslıq, milletlik ayrmashılıg’ı, jarlılıq ha’m baylıq da’rejesine qaramay ha’mme adamg’a qaratılg’an. Bul demokratiyalıq ma’deniyat dep amerikalıq filolog M. Bell xarakterlegen. Biz joqarıda belgilep o’tkendey massalıq ma’deniyat birinshi ma’rtebe XIX-XX a’sirlerde AQSh-ta payda bolg’an. Belgili Amerikalıq siyasatshı Zbignev Bjezinskiy ba’rhama bir so’zdi ayta beredi eken: “Egerde Rim du’nyag’a huqıqtı berse, Angliya parlamentlik ha’reketti, Frantsiya-ma’deniyattı ha’m Respublikalıq milletshilikti, onda ha’zirgi AQSh du’nyag’a ilimiy-texnikalıq revolyutsiyanı ha’m massalıq ma’deniyattı berdi.”

Ha’zirgi ja’miyette elitarlıq, traditsiyalıq ha’m massalıq, ko’pshilik waqıtta bir-birisiz jasay almaytug’ın, bir-biri menen kesilisip, kirisip ketetug’ın ma’deniyattın’ elementleri bolıp tabıladı. Usılay etip teoretikler massalıq ma’deniyattı ashkaralap, biraq ara-tura qa’lemesede. “O’zgermeytug’ın” janrlar bolg’an estrada, tsirk yamasa operettanın’ jasaw huqıqın (pravosın) moyınlaydı. A’lbette do’retiwshilik ha’reketinin’ ha’r qıylı tu’rleri onın’ na’tiyjeleri qalay bolsada, massalıq ma’deniyat tarawına kiretug’ınlıg’ın turmıs ko’rsetpekte.

Usılay etip «g’alaba ma’deniyat», ma’deniyattag’ı modag’a uqsap-onı ko’p kritikalawshılarına qaramay, sotsial-tariyxıy barlıqtın’ ko’birek

quramalı ha’m tamırlasqan qubılıslarınan bolıp tabıladı.

Egerde bir qubılıslardı negativlik-bahalaw tu’sindiriwlerden onı obektivlik tariyxıy-ma’deniyatlı ha’m sotsialogiyalıq analizlewge o’tilse egerde bir bo’lekti bir pu’tinlikke esaplaw toqtalsa, onda massalıq ma’deniyat, ayırım belgilerdi o’zinde toplag’an qatal qa’liplesken ko’rinis emes, ekenligi anıqlanadı. Geypara sharayatları ha’zirgi tariyxıy rawajlanıw menen sha’rtli bolıp tabıladı. «G’alaba ma’deniyat»tın’ o’zgesheligi, onın’ mazmunı boyınsha “jaman” bolıwına emes, al usı da’lillewden a’piwayı, (aytılg’an qalg’an) da’lil bolıwında mu’mkin massalıq ma’deniyat tarawında bir waqıtları azlı-ko’pli da’rejede ha’r qıylı ha’tteki bir-birine qarsı turg’an u’lgilerde, sol esaptan klassikalıq, ha’m folklorlıq ha’m elitarlıq tag’ı basqa da bolıwı mu’mkin.

Sonın’ ushın keyingi sharayatlar, burıng’ı do’retilgen ha’m bizin’ ko’z aldımızda qa’liplesken xaqıyqıy qa’diriyatlar, baylıqlar ol ma’deniyatı paydalanıw qıyın bolg’an ha’m azshılıq ko’retug’ın en’ joqarg’ı etajlarına, sonday-aq en’ to’menine tıg’ıldırmay, al birlikte ha’mme waqıtta tolıq o’mir menen jasawı u’stinde islew kerekligin ko’rsetpekte.

Sonda g’ana ma’deniyat teoretiklerinin’ pikirlerindegidey “joqarı” adamnın’ qolı jetpeytug’ınday biyik bolıp ko’rinbey al to’men, dım to’men heshkimge kerek bolmag’an bolıp ko’rinbes edi.

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI:


1. I.A. «Karimov Istiqlol va ma`naviyat». –Toshkent., «O`zbekiston», 1994y.

2. I.A. Karimov «Bizdan ozod va Obod vatan qolsin». –T. «O`zbekiston», 1994y.

3. I.A. Karimov «Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir» – Toshkent, O`zbekiston, 1996y.

4. I.A. Karimov. «Tarixiy xotirasiz kelejak yuq». T., «Sharq», 1998y.

5. I.A. Karimov «Milliy istiqlol mafkurasi – xalq e`tiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir». Toshkent. «O`zbekiston» 2000y.

6. I.A. Karimov «Inson manfaatlari ustuvorligini ta`minlash barcha islohat va o`zgarishlarning bosh maqsadi». T. «O`zbekiston» 2008y.

7. I.A. Karimov «Inson manfaatlari, huquq va erkinliklari – eng oliy qadriyat». T. «O`zbekiston» 2005y.

8. I.A. Karimov. O`zbekstonning o`z istiqlol va taraqqiyot yo`li. T., «O`zbekiston», 1992

9. I.A. Karimov. Yuksak ma`naviyat - engilmas kuch. T., «Ma`naviyat»-2008

10. Karimov İ.A. Ma`mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja`nede teren`lestiriw ha`m puxaralıq ja`miyetin rawajlandırıw kontseptsiyası: O`zbekstan Respublikası Oliy Ma`jlisi Nızamshılıq palatası ha`m Senatının` qospa ma`jilisindegi bayanatı. 2010-jıl 12-noyabr.

11. I.A. Karimov O`zbekston mustaqillikka erishish ostonasida. Toshkent. «O`zbekston» 2011

12. «Falsafa» (Yusupov E. tahriri ostida) – T.: 2006.

13. «Falsafa» (Axmedova M). – T., 2006 yil.

14. Yangi va eng yangi davr G`arbiy evropa falsafasi. T., “Sharq” 2002

15. I.Karimov, M.Rustamova. Falsafa fani tarixi va nazariyasi. (Metodik qo`llanma). T., TDPU 2007 yil.

16. N. Shermuhammedova. Falsafa. Darslik. T. 2009yil.

17. J. Bazarbaev Milliy ideya - bizin’ ideyamız. -N., 2003

18. J. Bazarbaev Adep filosofiyası. -N., 2010

19. J. Bazarbaev «Milliy ideya – jol ko’rsetiwshi juldız». N. «Qaraqalpaqstan» 2011

20. J.Tulenov. Borliq falsafasi. Uchinchi kitob. T., 2001.

21. Falsafa o`quv qo`llanmasi. T., 1999.

22. Falsafa: qomusiy lug`at (tuzuvchi va mas`ul muharrir q.Nazarov).- T.: «Sharq» nashriyot-matbaa aktsiyadorlik kompaniyasi Bosh tahririyati. 2004.

23. Xudaybergenova U. K. Ma’deniyattanıw. No’kis 1996 j.

24. Polikarpov V. S. Vremya i kultura. Xarkov 1987 g.

25. Taylor E. Pervobıtnaya kultura. M. 1989 g.

26. Lotman Yu. Kultura i vzrıv. M. 1992 g.